



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 9 fevriye 2013

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DÈNYE ENFÒMASYON APRE TANPÈT LIVÈ A

Gouvènè Cuomo mobilize resous eta a pou ede zòn ki frape di yo nan Konte Suffolk

Gouvènè Cuomo voye asistans nan zòn ki afekte anpil nan Massachusetts ak Connecticut

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse resous eta a mobilize pou ede zòn ki frape di yo nan Konte Suffolk, pou deplwaye chas-nèj yo, chajè devan-dèyè, ak lòt ekipman pou retire nèj depi nan eta a pou rive nan rejyon an. Answit, 800 travayè liy ap travay pou repare kouran an avèk lari yo y ap netwaye pou pèmèt yo travay. Gouvènè a te bay dènye enfòmasyon sa yo tou pou sèvis transpò, sèvis piblik, sekirite piblik, ak sistèm transpò komen toupatou nan eta a.

Answit, Gouvènè Cuomo te pale avèk Gouvènè Massachusetts la, Deval Patrick, ak Gouvènè Connecticut la, Dannel Malloy, pou ofri yo asistans , paske eta yo afekte anpil nan tanpèt la. Anba direksyon Gouvènè a, Eta New York ap bay sipò, epi l ap deplwaye chas-nèj yo, chajè devan-dèyè, ak ekip sèvis piblik yo nan zòn ki frape di yo nan Massachusetts ak Connecticut.

Sèvis Transpò

Nan Long Island, Depatman Transpò Eta New York State (New York State Department of Transportation – NYSDOT) gen 300 chas-nèj k ap travay nan Long Island. Answit, eta a aktive antreprenè ijans yo pou lòt chas-nèj ak chajè devan-dèyè pou ranmase nèj. Gouvènè Cuomo mande pou yo mete resous NYSDOT disponib nan zòn pati nò eta a ki pa t frape di menm jan nan tanpèt la, epi pou re-deplwaye yo nan Long Island. Apre yo fin netwaye wout yo, y ap bay priyorite pou kamyon kouran elektrik yo ak premye sekouris yo vwayaje.

I-84 te re-louvri pou tout sikilasyon machin a 11:00 AM.

MTA Metro-North Railroad

Apre 12 èdtan sèlman, Metro-North Railroad ap fonksyone ankò avèk sèvis sou Liy Hudson ak Liy Harlem apati 11 AM. Sèvis tren limite Liy Hudson ap rekòmanse travay avèk tren 11:00 AM k ap kite Croton

Haitian Creole

Harmon pou fè tout arè lokal yo nan Gran Tèminal Santral la, epi tren 11:20 AM k ap sòti nan Gran Tèminal Santral la pou fè tout arè lokal yo nan Croton Harmon. Sèvis tren limite Liy Harlem ap rekòmanse travay avèk tren 11:06 AM k ap kite North White Plains pou fè tout arè lokal yo nan Gran Tèminal Santral la, epi tren 11:25 AM k ap sòti nan Gran Tèminal Santral la pou fè tout arè lokal yo nan North White Plains. Tanpri konekte sou entènèt nan sitwèb MTA www.mta.info oswa rele 511 pou jwenn lòt detay. Sèvis Liy New Haven ap rete sispann jouk lè gen avi kontrè akòz konsekans tanpèt livè ki afekte rejyon nou an.

MTA Long Island Rail Road

Avèk batay kont yon tanpèt nèj ki frape Long Island pandan lannwit, MTA Long Island Rail Road (LIRR) ap opere tren yo sou yon orè dezèdtan nan kat filyal ki gen plis aktivite li yo pandan l ap kontinye fè efò san pran souf pou retire nèj la sou ray li yo. Tren yo ap sikile nan Filyal Babylon, Huntington, Port Washington ak Ronkonkoma. Chemennfè a ap repare sèvis la nan filyal ki sispann yo imedyatman li posib pou fè sa. Kliyan yo ta dwe tcheke **Orè Modifye 4** anba kalandriye reparasyon ki afiche nan paj-dakèy LIRR nan <http://www.mta.info/lirr/Timetable/Modified.htm>. Yo te adopte kalandriye espesyal yo ane pase kòm yon fason pou fè kliyan yo konnen nivo sèvis LIRR pou yo espere jwenn swa pandan yon tanpèt oswa pandan k ap sòti nan yon tanpèt.

Enstalasyon Ayewopò ak Administrasyon Pò

Tout ayewopò yo te rete louvri pandan tout tanpèt la. Liy avyon nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ak LaGuardia te rekòmanse vòl avyon pasaje yo a 9:30 AM egzaktman maten an. Yo prevwa aktivite vòl avyon limite pral rekòmanse nan Ayewopò Entènasyonal Newark Liberty a 10:45 maten an. Pifò liy avyon ki nan tout ayewopò rejyon an pral opere nan yon orè redui jodi a. Akòz posiblite vòl avyon ki anile oswa ki pran reta, nou ankouraje tout vwayajè yo pou kontakte liy avyon yo anvan yo ale nan ayewopò a.

Administrasyon Pò (Port Authority) a te deplwaye anlwaye siplemantè nan tout ayewopò li yo pandan orè lannwit, epitou ekip pou nèj yo te kontinye fouye ak ranmase nèj sou pis avyasyon yo ak nan chemen woulman avyon yo pandan tout lannwit ak nan maten pou kapab pèmèt operasyon vòl avyon yo fèt san pèdi tan. Ekip yo te aplike sibstans chimik anti-jèl nan pis avyasyon yo ak chemen woulman avyon yo pou kenbe yo san glas. Anlwaye ayewopò a te prepare bèso, dra ak lòt atik enpòtan pou ede kliyan ki te vin bloke yo.

Lòt enstalasyon Administrasyon Pò a te kontinye opere avèk minimal enpak oswa san enpak akòz tanpèt la. Nan Tèminal Otobis Administrasyon Pò a, konpayi yo te kòmanse rekòmanse sèvis la a 8:00 AM maten an. Sèvis PATH kontinye ap fonksyone nòmalman epi kat kwazman pon ajans lan—George Washington Bridge, Goethals, Bayonne, Outerbridge Crossing louvri, men, yon restriksyon vitès 35 mil pa èdtan rete anplas nan twa (3) pon Staten Island yo. Enstalasyon pò a louvri tou san yo pa rapòte enpak nan fonksyonman li.

Sekirite Piblik

Antou, Lagad Nasyonal New York te mobilize 100 Sòlda ak Avyatè ak 37 veyikil nan Vil New York, Long

Haitian Creole

Island, ak Central New York (Oriskany) pou bay sipò pou repons sivil ki asosye avèk tanpèt la. Lagad Nasyonal New York te sipòte misyon yo genyen nan NYSOEM epi yo te bay sipò pou sekouris ijans yo nan Long Island pou ede chofè ki bloke yo.

Sèvis Piblik

10.000 kay nan Konte Suffolk pa gen kouran elektrik

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418